



Distri Elko Rejyon Palm Beach Plan Angajman Paran ak Fanmi Tit I

YON PATENARYA POU SIKSÈ

Distri Elko Rejyon Palm Beach la deside pou l angaje fanmi ak kominote a kòm patnè egal pou kontribye nan yon edikasyon nivo entènasyonal, ak ekselans, ak jistis, pou ede chak etidyan atenn maksimòm potansyèl li.

Chak ane Distri Elko Rejyon Palm Beach la revize plan li pou sipòte lekòl Tit I ak fanmi yo nan tabli bon jan patenarya k ap ede elèv yo reyisi lekòl.

Pwen kle nan Plan Distri a pou Angajman Paran ak Fanmi pou ane 2022-2023 an enkli nan bilten sa a.

Plan an okonplè disponib pou moun wè nan paj entènèt Distri a lè yo klike sou Students & Parents ak paj Federal and State Programs.

KISA ANGAJMAN FANMI VLE DI?

Angajman fanmi nan lekòl se patenarya ant fanmi ak pèsònèl lekòl yo k ap travay ansanm pou ede elèv gen siksè. Sa enkli, fè sèten:

Elko yo rekonèt epi apresye wòl enpòtan fanmi jwe nan ede yon timoun aprann lakay li,

Nou ankouraje epi ede fanmi yo, yon fason pou yo angaje aktivman nan edikasyon pitit yo, epi

Fanmi yo se bon jan patnè epi yo enkli nan pran desizyon.



SIPÈNTANDAN AK KOMITE DIRIJAN

Michael J. Burke
Sipèntandan

Frank A. Barbieri, Jr., Esq.,
Prezidan Komite a

Karen Brill, Vis
Prezidan Komite a

Marcia Andrews
Alexandria Ayala

Barbara McQuinn

Debra Robinson, M.D.,


Erica Whitfield

Distri Elko Rejyon Palm Beach
3300 Forest Hill Boulevard
West Palm Beach, FL 33406
(561) 434-8000

KISA SA VLE DI POU YON LEKÒL TIT I ?

Elko Tit I resevwa fon federal adisyonèl pou ofri program siplemantè pou sipòte bezwen edikatif elèv, tabli bon jan sipò pou fanmi, epi fè sèten pwofesè resevwa fòmasyon sou Pratik pedagogik ki efikas.

Pou plis enfòmasyon sou kisa Tit I vle di nan lekòl pitit ou a, tanpri, rele reprezantan Tit I, oswa rele Depatman Pwogram Federal ak Eta yo nan Distri (561) 434-8056.



SIPÒ KOWÒDONE

Elko Tit I resevwa sipò ki soti nan anpil lòt departman Distri a pou ede angajman fanmi. Elko yo kowòdone pwogram avèk:

- ◇ Early Childhood Education
- ◇ Teaching and Learning
- ◇ Migrant Education
- ◇ Exceptional Student Education (ESE)
- ◇ Safe Schools
- ◇ Student Support Services
- ◇ Multicultural Education
- ◇ Homeless Education
- ◇ Communications & Engagement

ANKOURAJE ANGAJMAN FANMI

Elko Tit I yo ofri fanmi opòtinite pou fè tande vwa yo epi pou kontribye nan pwosesis pran desizyon konsènan edikasyon pitit yo ak pwogram lekòl yo.

Elko Tit I yo fè sèten fanmi santi yo byenveni, enkli, epi kapab patisipe nan konferans, reyinyon lekòl yo, seminè, atelye fòmasyon oswa trening, ak lòt aktivite pou fanmi, lè yo:

- voye avi sou dat ak lè reyinyon yo atan
- ofri dat ak lè ki fleksib
- elimine obstak ki rann li difisil pou fanmi vin patisipe
- fè aranjman pou pwoblèm fizik (egzanp enkli ekipman odyo, materyèl enprime, pakin pou moun ki andikape)
- bay gadri pou timoun nan trening pou paran (kontakte lekòl pitit ou a pou konnen si yo ofri sa nan lekòl la)
- bay sèvis tradiksyon an panyòl, kreyòl ak pòtigè ak

KIJAN DISTRI A SIPÒTE ANGAJMAN FANMI NAN LEKÒL TIT I YO

Distri a travay an kolaborasyon avèk lekòl yo pou ofri fòmasyon pou pwofesè, administratè lekòl ak estaf la, yon fason pou yo menm tou, kapab kreye bon jan pwogram pou Angajman Fanmi nan lekòl yo. Egzanp efò Distri ak lekòl yo ap fè nan angajman fanmi ki vize bati bon jan pwogram, liste anba la a.

- Reyinyon pou opinyon pati enterese yo, pou revize epi ekri Plan Elko la, Bidjè Angajman Fanmi, Plan Angajman Paran ak Fanmi ak Kontra Paran-Elko la
- Reyinyon sou Evalyasyon Bezwen, ak fanmi yo, pèsònèl lekòl la, ak kominote a pou diskite sou done ak plan pou pwogram pou ede elèv yo
- Reyinyon Komite Konsèy Elko ak Asosyasyon Paran Pwofesè
- Responsab Angajman Fanmi nan nivo lekòl yo
- Sant Resous pou Paran nan sèten lekòl
- Ekip Akademik Paran Pwofesè (Academic Parent Teacher Teams (APTT ann anglè) ki prezan nan sèten lekòl
- Reyinyon Anyèl Tit I nan tout lekòl Tit I yo
- Asistans teknik ak fòmasyon pou reprezantan Tit I ak Angajman Fanmi
- Patenarya ak fanmi, biznis, ak kominote, ki favorize fanmi lekòl la
- Fòmasyon pou estaf ki sipòte estrateji ak Pratik nan angajman fanmi, ki sipòte rannman elèv, ki baze sou rechèch
- Patenarya avèk lòt departman pou òganize fòmasyon pou fanmi, ki bay zouti pou ede aprantisaj lakay ak bay enfòmasyon sou tès elèv genyen pou yo pran nan chak klas
- Resous ak materyèl pou sipòte preparasyon pou jadendanfan